



Pou Piblikasyon Imedya: 26/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO TE BAY PLIS PASE 34 MILYON DOLA NAN FAZ XIII INISYATIV KONSÈY DEVLOPMAN EKONOMIK REJYONAL LA

Twazyèm lo prim finansman sibvansyon Empire State Development yo gen ladan yo plis pase 34 milyon dola pou sipòte 23 pwojè ki pare pou demare

Ou ka jwenn lis konplè benefisyè faz XIII yo [isit la](#)

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse yo te bay plis pase 34 milyon dola pou sipòte 23 pwojè priyorite nan Eta New York atravè inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) la. Faz XIII la te gen ladan sibvansyon kapital debaz ak kredi enpo ki soti nan Empire State Development ke yo te mete disponib sou yon baz kontinyèl ak konpetitif pou sipòte bezwen imedyat kominote yo. Finansman an pral sipòte pwojè ki gen enpak yo ki an akò ak objektif estratejik chak rejyon.

"N ap kòmanse yon nouvo epòk devlopman ekonomik nan Eta New York – yon epòk ki santre sou fòs inovasyon inik kominote nou yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè n ap pran yon apwòch debaz pou envestisman eta a, n ap kreye djòb epi n ap ankouraje kwasans k ap revitalize rejyon yo pandan n ap bati sou talan Nouyòkè yo."

"N ap kontinye efò nou atravè Eta New York pou konstwi ekonomi nan fason ki anplifye byen chak kominote yo," **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado, Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo, te deklare.** "Pwojè sa yo se etap stratejik ki pral ede chak rejyon bati sou siksè anvan yo ak trase yon avni pou yon demen meyè."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "ESD fyè pou l sipòte envestisman sa yo nan rechèch enpòtan nan syans lavi, devlopman mendèv, konsèvasyon istorik, sant kiltirèl ak lojman abòdab atravè Eta New York. Avèk Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal nou yo, ki idantifye estratejikman opòtinite pou kominote yo, n ap plante semans kwasans ekonomik kounye a ak pou lavni."

Chak Konsèy Rejyonal te rekòmande twazyèm faz pwojè sibvansyon Empire State Development yo akoz preparasyon ak aliyman pwojè a avèk plan estratejik rejyon chak rejyon. Gran pwen yo enkli:

- Ichor Life Sciences - Ekspansyon Ichor (Sant New York) - Sibvansyon ESD 200,000 dola, Kredi Enpo Travay Excelsior 250,000 dola:** Ichor Life Sciences se yon Òganizasyon Rechèch Kontra (CRO) konplè ki opere nan divès kapasite syans lavi ki gen ladan sèvis nan rechèch ak tèspwoteyin, famakoloji, esè klinik osi byen ke devlopman entèn tretman ki gen rapò ak laj. Kòm yon CRO Sèvis konplè, yo se yon eleman kle nan ekosistèm inovasyon rejyon an. Ichor pral konsolide epi elaji lokal Lafayette ak Potsdam yo nan yon bilding ki sitiye nan yon kominote ki gen difikilte nan yon koridò biznis nan Syracuse, Konte Onondaga. Pwojè a enplike akizisyon ak renovasyon bilding lan ak acha ak enstalasyon ekipman yo. Nouvo sit la pral mete tout sèvis Ichor yo yon sèl kote epi mete yo pi pre patnè aktyèl ak potansyèl yo, epi nan yon pi bon pozisyon pou jwenn aksè nan mendèv lokal ak rejyonal la. Sit la pral òganize aktivite rechèch ak devlopman konpayi an ak akseleratè demaraj byoteknoloji li yo. **Depans Total Pwojè a: 2.8 milyon dola**
- Monroe Community College - Laboratwa Fòmasyon nan Optik (Finger Lakes) – Sibvansyon ESD 1.35 milyon dola:** Monroe Community College (MCC) pral renove twa chanm nan kanpis Brighton pou akomode espas pou yon nouvo laboratwa fòmasyon rapid ki konplètman dedye ak mikwo-sètifika optik. Laboratwa a pral lokalize akote espas edikasyon sou optik yo genyen kounye a epi pèmèt MCC akselere fòmasyon sètifikasyon pou jiska 24 etidyan chak ane. Avèk plis pase 150 konpayi optik nan rejyon Finger Lakes, pwojè sa a pral ede ak demann k ap grandi pou travay nan sektè optik la. **Depans Total Pwojè: 2.7 milyon dola**
- Mohonk Preserve, Inc. - Pwojè Fèm Brook (Mid-Hudson) – Sibvansyon ESD 250,000 dola:** Mohonk Preserve pral reyabilite yon fèm istorik ki sitiye nan yon peyizaj panoramik popilè ak rezo santye epi renove li pou reyitilizasyon adapte kòm yon sant syans konsèvasyon ak sit nouvo katye jeneral li nan Vil New Paltz, Konte Ulster. Reyabilitasyon an, ansanm ak yon enstalasyon pano solè atè deyò sit la reprezante premye faz nan yon pwojè plizyè ane pou amelyore konsèvasyon, diminye emisyon kabòn ak amelyore touris. **Depans Total Pwojè: 1.8 milyon dola**
- Soldier On, Inc. - Copper Village (Mohawk Valley) - Sibvansyon ESD 2.5 milyon dola:** Soldier On, Inc. se yon òganizasyon prive san bi likratif ki angaje nan mete fen nan sitiyoasyon sanzabri veteran yo. Yo pral fè patenarya ak Pennrose NY LLC & Human Technologies Corporation sou pwojè Copper Village la, yon sit devlopma avèk itilizasyon melanje 4 ekta nan distri bò lanmè Kanal Erie nan Rome. Copper Village pral genyen 250 inite lojman abòdab pou divès kalite gwoup demografik tankou sila ki ti revni, ansyen sanzabri, andikape ak veteran, yon nouvo distri komèsyal ki gen aksè ak plas piblik bò lanmè ak yon nouvo etablisman gadri. **Depans Total Pwojè: 6.8 milyon dola**
- Joyce Theater Foundation, Inc. - Sant New York pou Kreyativite ak Dans (Vil New York) – Sibvansyon ESD 3.5 milyon dola:** Fondasyon Joyce Theatre ("Fondasyon an") se yon prezantatè prensipal nan dans nan vil New York ak nan peyi a. Fondasyon an posede yon bilding 7 etaj ki loje Sant New York pou Kreyativite ak Dans (New York Center for Creativity & Dance) nan katye East Village nan Manhattan ke yo pral renove pou kreye yon espas ki pi dinamik,

ideyal pou estidyo dans ak ti pèfòmans, ki ofri jiska 13 espas abòdab bay plizyè santèn konpayi dans ki san bi likratif, mizisyen, kostim, ak atis alye yo. Lokal la se yon ansyen lokal Boys Club ki te fèmen an 2022 e Fondasyon an angaje l pou l asire bilding lan rete yon konsantrasyon alontèm nan angajman kominote a pandan l ap elaji pwogram yo epi li angaje l nan pratik bilding vèt. **Depans Total Pwojè: 22.5 milyon dola**

- **North Country Children's Museum - Fabrikasyon ak Enstalasyon Ekspozisyon (North Country) – Sibvansyon 155,200 dola ESD:** North Country Children's Museum, ki sitiye nan Potsdam, distri istorik anba lavil New York la, pral fabrike sis nouvo ekspozisyon edikatif entèaktif STEAM pou zòn ekspozisyon dezyèm etaj li a. Nouvo ekspozisyon yo gen ladan yo: Ekspozisyon Kay Swartzentruber Amish, Physics Trail, Maple Forest Climber avèk eleman entèaktif STEAM yo, Teyat pou Timoun, Laboratwa Mizik ak Son, ak Sal Resous pou Fanmi/Espas Jwèt pou Tibebe. **Depans Total pou Pwojè a: 776,000 dola**
- **Association for Vision Rehabilitation and Employment, Inc. - Ekspansyon Fabrikasyon AVRE (Southern Tier) – Sibvansyon ESD 200,000 dola:** Association for Vision Rehabilitation and Employment, Inc. (AVRE) pral elaji ak amelyore ekipman fabrikasyon yo ak etablisman ki sitiye nan anba lavil Binghamton. Agrandisman ak amelyorasyon yo pral sipòte ogmantasyon kapasite pou pwodiksyon papyè epi pèmèt AVRE kontinye ofri sèvis reyabilitasyon vizyon pou moun ki avèg ak moun ki gen pwoblèm je tout laj atravè Southern Tier. **Depans Total Pwojè: 1.8 milyon dola**
- **Graycliff Conservancy, Inc. - Ekspansyon Sant Vizitè Frank Lloyd Wright's Graycliff (Lwès New York) – Sibvansyon ESD 1 milyon dola:** Graycliff se yon pwopriyete Frank Lloyd Wright ki fèt sou Lak Erie nan Derby, New York ki sèvi kòm yon atraksyon touris nan achitekti. Graycliff Conservancy pral elaji sant vizitè yo a plis pase de fwa gwo aktyèl la pou akomode vizitè ak pwogram pandan tout ane a. Nouvo espas la ta dwe itilize pou ekspozisyon wotasyon, atelye, konferans, prezantasyon, evènman espesyal ak reyinyon. **Depans Total Pwojè: 5.3 milyon dola**

Pwosesis REDC la kontinye sipòte ak otorize moun ki gen enterè rejyonal yo nan devlope plan estratejik ak priyorite finansman yo ki satisfè bezwen ekonomik lokal yo. Jiska prezan, atravè Inisyativ REDC a, yo te bay plis pase 8 milya dola a plis pase 9,900 pwojè kreyasyon travay ak devlopman kominotè ki konfòm avèk plan estratejik chak rejyon.

Enfòmasyon sou Demann Finansman Konsolide

Yo te kreye Demann Finansman Konsolide a pou senplifye ak akselere pwosesis demann sibvansyon an. Pwosesis CFA (Consolidated Funding Application) a make yon chanjman fondamantal nan fason yo distribiye resous eta yo, pou garanti mwens biwokrasi ak plis efikasite pou satisfè bezwen devlopman ekonomik lokal yo. CFA a sèvi kòm sèl pwen dantre pou jwenn aksè a finansman devlopman ekonomik yo, sa k ap garanti aplikan yo p ap gen pou pèdi tan ant plizyè ajans ak sous san okenn mekanis pou kowòdinasyon. Kounye a, pwojè devlopman ekonomik yo itilize CFA kòm yon

mekanis sipò pou jwenn aksè a plizyè sous finansman eta yo atravè yon sèl aplikasyon, sa k ap rann pwosesis la pi rapid, pi fasil, ak pi pwodiktif. Aprann plis sou CFA [isit la](#).

Konsènan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo

Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la se yon eleman enpòtan nan apwòch Eta a sou investisman ak devlopman ekonomik Eta a. An 2011, 10 Konsèy Rejyonal te kreye pou devlope plan estratejik alontèm pou favorize kwasans ekonomik pou rejyon yo. Konsèy yo se patenarya piblik-prive ki fòme avèk ekspè lokal ak pati konsène nan biznis, inivèsite, gouvènman lokal ak òganizasyon ki pa gouvènmantal yo. Konsèy Rejyonal yo te redefini fason New York investi nan travay ak kwasans ekonomik lè yo mete an plas yon apwòch kominotè, asandant epi etabli yon pwosesis konpetitif pou resous Eta a. W ap jwenn plis enfòmasyon sou regionalcouncils.ny.gov.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov

Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)